

Apwopo Sharing Miracles

Nan Sharing Miracles, selebre lavi ak onore don an se sant tout sa nou ap fè.

Nou kontan pou kado san pri manman yo fè nou epi nou rekonèt grandè jenerozite yo.

Fonde gras ak BioTissue, Sharing Miracles te etabli pou founi yon pwogram sipò pou senplifye don ògan nesans ou yo. BioTissue se yon lidè nan medesin rekonstriksyon ki ap kreye grèf ki ap chanje lavi pou ede rejenere, retabli epi simonte kondisyon medikal difisil yo.




BioTissue Holdings Inc., sosyete fondatè Sharing Miracles, sètifye pa Asosyasyon Ameriken Bank Ògan (American Association of Tissue Banks, AATB) pou aplike prensip nan pi wo nivo anrapò ak lidèchip, edikasyon, sèvis ak rechèch.

Vizite
SharingMiracles.com
oswa eskane kòd QR la.

 1-(800) 439-0522

 info@sharingmiracles.com



Sharing
Miracles

8305 NW 27th Street, Ste. 101, Doral, FL 33122
Copyright© 2021 BioTissue Holdings Inc. All rights reserved | US—2100066

SHARING MIRACLES se yon mak ki anrejistre nan BioTissue Holdings Inc. Donate Life se yon mak ki anrejistre nan Donate Life America. Tout lòt mak yo itilize nan dokiman sa se pwopriyete pwòp mèt yo.

Sharing Miracles™

Pataje Kado pou Geri.

**Fè Kado Plasenta ak
Kòd Lonbrik ou.**



Kisa m kapab atann mwen nan pwosesis don an?

Don plasenta ak kòd lonbrik ou se youn nan mwayen pi senp pou fè enpak sou sante lòt moun nan kominote ou an. Lè ou bay ògàn nesans sa yo, ou kapab fè pati nan 95% Ameriken ki sipòte donasyon.

Plasenta ak kòd lonbrik ou kapab ede jiska 75 moun.

✓ Senp

Ou dwe sèlman founi yon konsantman nesèsè epi reponn ak yon kesyonè konfidansyèl ki lye ak isttorik medikal epi sosyal ou. Kesyon sa yo sanble ak sa yo konn poze donatè san yo. Pa genyen depans pou ou ak fanmi ou pou ankenn pati nan donasyon an.

♥ San Danje

Don sa pral fèt lè ou fin akouche ti bebe ou an ak tout sekirite. Li pa pral afekte akouchman ou swa swen ou ak ti bebe ou an pral resevwa a.

😊 San Doulè

Nou pral jwenn yon echantiyon san yo te pran pandan tès routin prenatal, pou elimine bezwen yon dezyèm prelevman san.

Kòman pou mwen fè Don an

Sa ap jou ki pi enpòtan nan lavi ou. Kalite swen ak sekirite akouchman timoun ou se prensipal priyorite nou.

Yon manm ekip Sharing Miracles pral kowòdone don ou an, gide w nan:

- Bay konsantman enfòmè
- Konplete yon kesyonè istorik medikal (20-25min)
- Founi aksè ak dosye prenatal, akouchman epi ti bebe a

Manman sezaryèn yo gentan pwograme kapab bay kado san pri sa ki se ògàn nesans yo.

Aprè ou fin konplete fòmilè a, ekip nou an pral kowòdone rès pwosesis la ak doktè ou an epi lopital la. Yon reprezantan Sharing Miracles pral nan lopital lan jou akouchman w lan pou jere transplantasyon ak transpò ògàn nesans ou yo.

Revize dosye medikal ou an totalman konfidansyèl. Se sèlman pèsònèl fòmè, otorize ki ap travay nan yon espas sekirize ki genyen aksè ak enfòmasyon ak dokiman yo.

Pou asire sekirite ògàn nesans yo pou benefisyè yo, yo pral teste san ou an pou enfeksyon ki ta kapab transmèt maladi. Yo ap kominike ou menm ak doktè ou an rezilta anòmalye yo.

Kòman ògàn nesans yo ede sa ki nan bezwen yo?

Pwopriyete byolojik ki nan plasenta ak kòd lonbrik lan kapab favorize gerizon rejeneratris. Grèf yo fè gras ak ògàn nesans yo kapab ede nan redwi enflamasyon ak sikatris pandan yo ap favorize yon espas favorab pou gerizon. Yo kapab itilize grèf sa yo pou fasilite gerizon pasyan ki ap souffri yon gwo ansanm maladi, tankou keratit, sikatris sou po, glòkom, ilsè nan pye moun ki fè sik, atwoz, ak plè kwonik epi ki pa sikatrise, pou site sèlman sa yo.

Plasenta ak kòd lonbrik souvan jete tankou fatra, men pou anpil pasyan ki nan bezwen se yon dezyèm chans lavi.

Vizite [DonateLife.net](https://www.donatelife.net) epi aprann kòman don ou an kapab pote lespwa pou pasyan ak fanmi yo.

